

**WATAK EGOIS SAJRONE CERITA SAMBUNG “LODAN SAKA SEGARA KIDUL”  
ANGGITANE KUKUH S. WIBOWO MITURUT TEORI KAPRIBADEN ERICH FROMM  
(TINTINGAN PSIKOLOGI SASTRA)**

**Hardiyanti Wahyuningsih**

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Surabaya  
[hardiyantiwahyuningsih@mhs.unesa.ac.id](mailto:hardiyantiwahyuningsih@mhs.unesa.ac.id)

**Pembimbing**

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S.**

Dhosen Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Sesambungan antarane sastra lan psikologi, ana maneka faktor kang wigati. Kapisan, sawijine sastra kudu nggambarake kakuwatan lan kapinteran pangriptane. Kaloro, karya sastra kudu nduweni kautaman sing babagan gagrag lan basa minangka piranti kanggo nyuntak pikiran lan rasane pangripta. Katelu, prakara gaya, struktur lan tema karya sastra kudu ana sesambungane karo elemen-elemen kang nggambarake pikiran lan rasane pawongan tartamtu.

Panliten kanthi objek cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo bakal nintingi prakara cacah telu. Kanthi ringkes underane panliten bisa dirumusake: (1) Tuwuh sipat seneng nekad sajrone cerita sambung (2) Faktor-faktor kang njalari sipat seneng nekad lan (3) Problem saka sipat seneng nekad. Panliten iki nggunakake pendekatan Psikologi sosial teori kapribaden Erich Fromm.

Fromm njupuk sikap tengah ing sadar nandhesake luwih sethithik babagan motivasi sadar lan saingan amarga salah sijine ciri unik manungsa yaiku kesadaran. Manungsa ora kewan amarga padha bisa nggawe alesan, mbayangno masa depan, lan kanthi sengaja nyoba nyedhaki tujuane urip. Nanging, miturut Fromm, yen kesadaran diri minangka campuran saka akeh wong sing nindhes wong-wong mau kanggo karakter dhasar supaya ora kuwatir. Ing masalah sosial, Fromm nerangake manawa manungsa bisa nduwe pengaruh luwih saka sejarah, budaya, lan masyarakat tinimbang biologi.

Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku arupa cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Cerbung iki kapacak ing kalawarti Panjebar Semangat wiwit edhisi nomer 30 minggu IV wulan Juli 2018 nganthi edhisi nomer 45 minggu II wulan November 2018. Crita iki kapacak ing rubrik crita sambung (cerbung) kang kaperang dadi 16 seri. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku rujukan-rujukan saking buku-buku ngenani panliten sarta buku ngenani teori psikologi kapribaden dening Erich Fromm. Kayata buku-buku kang ngandhut teori panyengkuyung kang luwih nguwatake teori kang digunakake.

## **PURWAKA**

### **1.1 Landhesan Panliten**

Sastra minangka salah sawijine wujud lan kasil pakaryan seni kreatif kang diciptakake dening manungsa, kanthi nggunakake basa minangka pangiring. Sastra mujudake asiling rasa, cipta, lan karsane manungsa. Karya sastra uga minangka *ekspresi* panguripane manungsa sing ora uwal saka bebrayan. Manungsa lan panguripane iku wewujudan saka mula bukane karya sastra (Endraswara, 2008:78). Sastra ora bisa dipesthekake, gumantung saka ngendi punjering pamikir. Reriptan sastra ngasilake karya kang nduweni sipat endah, saka asil daya cipta, kreativitas, lan imajinasine pangripta kang ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Kuwi kabeh dumadi awit anane pengalaman urip ing satengah bebrayan. Kedadeyan-kedadeyan sing ana sakiwatengene bebrayan kang bakale didadekake perangan carita, banjur mujudake karya sastra.

Sastra Jawa modern nduweni wujud kang maneka warna, kayata roman, novel, crita sambung

lan crita cekak, kang mujudake sawijine karya fiksi. Kawutuhan sawijine karya sastra fiksi mujudake wewangunan crita lan nggambarake jagading reriptane kang diripta dening pengarang. Fiksi yaiku minangka sawijine karya imajiner, kang ngandharake maneka prakarane manungsa lan kamanungsan, urip lan panguripan. Miturut Altenbernd lan Lewis (Sajrone Nurgiyantoro, 2009:2) fiksi ditegesi minangka “prosa naratif kang nduweni sipat imajinatif, tinemu nalar kang ngandhut bebener mujudake crita dramatik ngenani pasrawungane manungsa sajrone panguripan”. Reriptan sastra awujud gancaran salah sijine yaiku cerbung utawa carita sambung.

Cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” dening Kukuh S. Wibowo iki cerita ngenani asmara sing akhir ceritane dadi kadurjanan. Awal mulane saka Rahsana sing kuciwa marang Wantini banjur tumindak durjana marang kulawargane wantini. Panyerat nuwuhake watak egois ana ing paraga utama yaiku Rahsana (Hendarsa) kanthi cara ora langsung. Pamaca bisa mangerteni saka

pacelathon antarparga, pikirane paraga, tumindak paraga, lan miturute paraga liyane.

Panyerat pengin yen pamaca bisa mangerteni watak sing dadi gambarane paraga utama, amarga ana ing cerita sambung iki watak-watak paraga kasampekake kanthi cara tersirat. Panyerat uga nuduhake watak-watak egois ing paraga utama kanthi masalah sing bertahap. Wiwit masalah sepele nganti masalah kang gedhe saengga ing akhir cerita kita minangka pamaca bisa mangerteni yen kadurjanan kasebut tuwuh saka watak egois kang diduweni saka paraga utama. Panyerat uga nyerat alur cerita sambung iki kanthi alur maju mundur, saengga para pamaca ora ngira yen dhalang saka kadurjanan ing cerita iki yaiku Rahsana minangka paraga utama.

Paraga utama sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” yaiku Rahsana (Hendarsa). Sajrone cerita sambung iki Rahsana nduweni watak egois. Egois yaiku sipat kang mentingake dhiri pribadi, sipat egois tuwuh saka njero diri manungsa nganti manungsa ora sadhar anane sipat egois kuwi. Sakabehe manungsa uga nduweni sipat egois, sacara disadari utawa ora disadari. Dhasare sipat egois iku nduweni sipat kang serakah, ora marem karo apa sing diduweni. Faktor kang njalari Rahsana nduweni watak egois iki yaiku saka uripe Rahsana sing kacukupan. Mula Rahsana dadi bisa semena-mena marang wong liya sing derajate luwih asor saka dheweke. Para masyarakat sing ana ing wilayahhe Rahsana kudu tundhuk marang Rahsana.

Faktor liya kang njalari sipat egois iki uga bisa saka kulawarga sing wis biyasa nuruti kekarepane Rahsana wiwit saka cilik. Nganti dheweke dadi penguasa wilayah Sine kudu oleh apa kang dadi kekarepane, kayata pepingan ngrabi Wantini sing dadi kembang desa. Banjur semena-mena marang wong sing ora pas karo atine. Banjur sakabehe cara dihalalke gawe urusan dunyane, kayata nglakokake pabrik sing bisa nyetak dhuwit palsu. Saka faktor kang njalari watak egois saka paraga utama Rahsana bisa dimangerteni luwih jeruh ing pembahasan.

Saka faktor kang njalari bisa kajupuk cara mrantasi problem watak egois kang tuwuh sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” yaiku kanthi cara kaping pisan, nduweni usaha ngrungokake pendapat wong liya. Kaping pindho, nengenake sipat sombong. Kaping telu, bisa mangerteni apa kang dibutuhake wong liya. Kaping papat, bisa ndeleh dhiri kaya wong liya. Kaping lima, dadi manungsa sing bisa diajak kompromi marang wong liya sing ana ing lingkungan sakitar.

Watak egois awale saka sikap sing ora pengin ngrungokake pendapat saka wong liya. Nalika kita rumangsa paling pinter, mesthi bakal ana wong sing duwe kapinteran sing luwih dhuwur

tinimbang kita. Minangka makhluk sosial sing ora bisa urip tanpa ana wong liya, kita kudu nyingkirake egois saka njero diri. Bakal ana wektu nalika kita kudu ngerti apa kang dirasakake wong liya, kepiye ngadhepi wong liya, kepiye kita bisa adhaptasi marang lingkungan sakitar kita.

Sastra Jawa mujudake salah sawijine kasusastran kang nggunakake basa Jawa minangka medhia panulisane. Sajrone sastra Jawa uga ngandharake kahanan kang ana ing tanah Jawa. Sastra Jawa minangka gegambaran masyarakat kang ana ing Jawa. Gegambaran iki bisa saka panguripan sosial, budaya, utawa pamikire wong Jawa. Sastra Jawa ing pangrembaka iki cundhuk klawan pangrembaka ing jagading kasusastran. Akeh wujud kasusastran Jawa kang wis ngrembaka. Lumantar karya sastra Jawa wiwit biyen nganti saiki tansah dadi cecaturan, tansah narik kawigaten kanggo disemak. Jinise kasusastran Jawa iku akeh, kayata roman, novel, cerkak, cerbung lan geguritan. Kang bakal dirembug sajrone panliten iki yaiku cerbung (cerita sambung).

Cerbung kalebu karya fiksi mujudake salah sawijine karya kang nyaritakake samubarang kang sipate khayalan, apa wae kang ora nuduhake kasunyatan ing donya kang nyata (Nurgiyantoro, 2007:2). Wujude cerbung meh padha karo novel, bedane dene novel ngandharake samubarang kanthi luwih amba, nyuguhake samubarang luwih kompleks (Nurgiyantoro, 2007:11), dene cerbung bedane ana ing cara kapacake lan media penerbite cerbung kapacak kanthi sambung-sinambung lumantar kalawarti basa Jawa, kayata kalawarti Jaya Baya, Panjebur Semangat, lan Jaka Lodhang, koran, lansapanunggal. Cerbung luwih akeh nyaritakake babagan prekarane bebrayan, lan sing dadi objek utamane yaiku manungsa.

Prakara kang ngandhut unsur kajiwan didadekake crita sajrone salah siji riptan fiksi Jawa modern. Riptan fiksi kang ngandhut prakara kasebut yaiku cerbung Lodan saka Segara Kidul bisa dicekak LSSK anggitane Kukuh S. Wibowo. Kukuh S. Wibowo minangka sastrawan Jawa modern asale saka Tulungagung. Riptan sastrane asring kapacak ing majalah *Panjebur Semangat*. Riptan sastrane kasebut awujud cerbung, geguritan lan cerkak, kang salah sijine yaiku cerbung LSSK kapacak ing kalawarti Panjebur Semangat ing taun 2018. Cerbung LSSK kapilih ing panliten iki amarga caritane nduweni bab-bab kang pinunjul sajrone carita. Bab kang linuwih saka cerbung LSSK yaiku basane prasaja, amarga nggunakake basa sabendinan saengga cerita “Lodan Saka Segara Kidul” bisa dingerteni pamaca, papan panggonane uga ana ing sajrone kanyatan uga caritane ngandhut sipat egoise paraga, kang ana sesambungane tumrap teori

kapribaden Erich Fromm kang luwih nengenake sipat egois yaiku kalebu salah sijine perangan saka struktur psikologi sosial kang ditengenake Fromm.

Fromm kapangaribawan dening tulisane Karl Marx, sing paling utama yaiku nenani karyane sing kapisanan yaiku, *The economic hiosophical manuscript* kang ditulis ana ing taun 1944. Tema saka tulisan kasebut yaiku wog kang ngrasakake sepi sajrone uripe, lan *terisolasi* merga dheweke kapisah saka alam lan wong liyane. Kahanan *isolasi* iki ora ditemokaka ana ing kewan, merga iki situasine manungsa.

Prekara kang dibahas sajrone cerita Lodan Saka Segara Kidul iki ngenani manungsa sing nduweni sifat egois ing panguripan saben dinane. Manungsa iki biyasane nduweni sipat kang nekad. Saengga kekarapan kang dipengini bisa cepet digayuh. Sajrone carita kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul” iki nggunakake basa saben dina kang bisa dimangerteni para pamaca.

Sipat egois kang maujud saka paraga sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul yaiku wujud sipat sing tumuwuh saka obsesi sing ala kang ditengeri saka pepenginan kanggo nggayuh samubarang kanthi kasil, salah sijine yaiku ngepek atine Wantini lan kasil mateni Wikana. Tegese sipat egois ing kene nduweni konotasi kang negatip lan nduduhake tumindak pawongan kang nduweni tujuwan ala kang dhuwur supaya bisa muwasake apa kang dadi pepenginane. Cerbung LSSK durung nate diteliti sadurunge lan cerbung Kukuh S. Wibowo iki kalebu cerbung anyar.

Panliten iki pancen kepingin nduweni objek kang nengenake sipat egois sing diduweni dening paraga. Tumindake paraga sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul nuduhake tumindak sing ora gampang mundur anggane nglakokake tumindak ala marang wong liya. Andharan kasebut cundhuk karo teori kapribaden Erich Fromm (sajrone Suryabrata, 2003:108) kang ngandharake dene pawongan sing biyasane diarani sanguinis nuduhake sipat sing ora gampang mundur, kanthi rekasa tumuju pepenginan kang dadi tujuwane. Lodan saka Segara Kidul digawe irah-irahan cerbung anggitane Kukuh S. Wibowo nduweni sesambungan kang luwih nengenake antarane paraga karo prakara paragane nuwuhake sipate. Paraga kang nandhang sipat egois salah sijine yaiku Rahsana uga bisa aran Hendarsa. Dheweke nuduhake sipat egois saka tumindake marang wong liya sing ana ing sakiwa tengene. Rahsana nduweni pepenginan kang gedhe gawe ngepek atine Wantini nanging kanthi cara sing ala, akibate ndadekake Wantini ora seneng lan milih wong liya. Minangka ketua geng Lodan Saka Segara Kidul, Rahsana nekad ngruda peksa lan ngobong omahe Wantini gawe nguntabna rasa nesu amarga Wantini nampik tresnane.

Sipat kasebut uga ora uwal saka babagan greget, panyurung, lan pepenginan kanggo nggayuh samubarang nanging dadi pamuwas kanggo awake dewe. Mula saka kuwi panliten iki winates ing babagan psikologise paraga sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul anggitane Kukuh S. Wibowo. Panliten iki ora nganti ngrembug kahanane pangripta nalika nulis karyane. Panliten iki njupuk irah-irahan Egois Sajrone Cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” Anggitane Kukuh S. Wibowo amarga babagan kang paling onjo saka panliten iki yaiku sipat egosentris saka paraga kang diduweni dening saperangan paraga sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul.

Cerbung iki nyaritakake sipate paraga kang ora biyasa. Saka sipat egois iki bisa dideleng saka faktor-faktor kang njalari yaiku pepenginan kang gedhe gawe muasake nafsune, nduweni tumindak negatip gawe ngruda peksa wanita sing ditresnane nanging ora tresna balik. Uga ngono ndadekake tumindak nekad gawe ngobong omahe wanita kasebut amarga tresnane wis ditampik. Sipat egois iki bisa uga dadi pakulinan saben dina, amarga sipat kuwi bisa dadi mareme ati yen wis klakon. Kayata Rahsana sing dadi ketua geng Lodan Saka Segara Kidul sing senengane tumindak ala marang wong liya sing ora manut marang aturane. Tumindak ala bisa arupa ngruda peksa wanita, mejahi wong liya, uga ngrebut apa sing ora dadi hake. Rahsana nduweni sipat kuwi amarga wis kadung dimanja karo wong tuwa lan ndadekake dheweke ngrasa sombong.

## **1.2 Underane Panliten**

Panliten kanthi objek cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo bakal nintingi prakara cacah telu. Kanthi ringkes underane panliten bisa dirumusaké:

- 1) Kepriye struktur kapribaden watak egois sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”?
- 2) Apa wae faktor-faktor kang njalari watak egois sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”?
- 3) Kepriye akibat problem saka watak egois kang tuwuh sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”?

## **1.3 Ancase Panliten**

Adhedhasar underane panliten, bisa didudut ancas panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Medharake struktur kapribaden watak egois sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”.
- 2) Medharake faktor-faktor kang njalari watak egois sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”.



- 3) Medharake akibat saka watak egois kang tuwuh sajrone carita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul”.

## **METODHE PANLITEN**

### **3.1 Ancangan Panliten**

Ancangan panliten ditindakake sadurunge nganalisis dhata utawa nindakake sawijine panliten. Ngerancang apa kang arepe ditliti lan ngerancang apa kang ditindakake kanggo nganalisis dhata supaya panliten kang ditindakake bisa cundhuk lan becik. Rancangan kang dipilih kudu cundhuk karo variabel panliten. Sajrone panliten iki nggunakake panliten deskriptif kualitatif. Metodhe dheskriptif mujudake prosedur panliten kang ngasilake dhata kualitatif arupa tembung-tembung kang katulis utawa kanthi lisan saka pawongan-pawongan utawa tumindak kang gampang ditliti (Bogdan lan Taylor, 2006:4). Panliten kualitatif yaiku panliten kang nduweni ancas kanggo mahami fenomena ngenani samubarang bab kang dialami dening subjek panliten, upamane tumindak, pamawas, motivasi, prilaku, lan liya-liyane, sing ditengenake sajrone panliten kualitatif yaiku kagiyatan panliten ilmiah kanthi njlentrehake lan mahami sawernaning babagan sosial kang diamati (Moleong, 2011:6). Miturut Ratna (2010: 47) ngandharake dene sajrone ilmu sastra, sumber dhatane awujud reiptan sastra lan naskah, dene dhata panliten, minangka dhata formal awujud tetembungan, ukara, lan wacana.

Aminuddin (1990:62) ngandharake metodhe dheskriptif yaiku sawijine metode kang digunakake kanggo panliten adhedhasar kanyatan sajrone kedadeyan (fenomena) lan urip saben dinane para panutur, saengga kang diasilake arupa andharan. Panliten kualitatif minangka panliten kang dileksanakake kanthi ora ngutamakake angka-angka, nanging ngutamakake penghayatan tumrap interaksi konsep kang dikaji kanthi empiris (Endraswara, 2013:5). Anggone nyegahake data tumrap panliten dheskriptif kualitatif yaiku kanthi wujud dheskripsi. Ancasing panliten kualitatif yaiku mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta sesambungane karo pangripta kang ditintangi (Nasir, 1988: 63). Sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif amarga panliten iki ora nggunakake etung-etungan angka lan asile panliten awujud dheskriptif, basa kang awujud tembung lan ukara. Panliten iki diajab bisa ndhudhah ngenani perkara Nekad sajrone cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo.

### **3.2 Sumber Dhata lan Dhata**

Sumber dhata sajrone panliten kualitatif awujud tembung-tembung lan tumindak. Miturut Lofland (2002:122) sumber dhata utama ing

panliten kualitatif yaiku tembung-tembung lan tumindhak saluwih yaiku dhata tambahan kaya dokumen lan liyane. Sumber dhata lan dhata kang trep uga minangka babagan kang wigati ing panliten. Bab iku katindakake amrih proses panliten bisa mlaku nganti panliti bisa antuk wangsulane saka underan panliten. Sumber dhata lan dhata sajrone panliten iki yaiku kaya kang disebut ing ngisor iki.

#### **3.2.1 Sumber Dhata**

Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menahi dhata tumrap panliti (Arikunto, 2010:128). Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku arupa cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Cerbung iki kapacak ing kalawarti Panjekar Semangat wiwit edhisi nomer 30 minggu IV wulan Juli 2018 nganthi edhisi nomer 45 minggu II wulan November 2018. Crita iki kapacak ing rubrik crita sambung (cerbung) kang kaperang dadi 16 seri. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku rujukan-rujukan saking buku-buku ngenani panliten sarta buku ngenani teori psikologi kapribaden dening Erich Fromm. Kayata buku-buku kang ngandhut teori panyengkuyung kang luwih nguatake teori kang digunakake.

Miturut Arikunto (2006:128) sumber dhata bisa kaperang dadi rong jinis, yaiku sumber *primer* lan sumber *sekunder*. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menahi dhata tumrap panliti, dene sumber sekunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menahi dhata marang panliten iki.

Sumber dhata kang dinggo yaiku sumber dhata primer. Sumber dhata primer ing panliten iki arupa cerita sambung kanthi irah-irahan “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Cerita sambung iki kapacak ing kalawarti Panjekar Semangat taun 2018 edhisi 30 nganti 45 (16 seri).

#### **3.2.2 Dhata Panliten**

Dhata minangka sakabehe fakta kang bisa dadi bukti lan informasi kang bakal diolah dening panliten. Dhata kang bener yaiku dhata kang cundhuk karo wujud asline (Marliyani, 2010:169). Dhata panliten iki arupa ukara kang nuduhake sakabehe bab kang ana sesambungane karo panliten ngenani ambisi sajrone Cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo kanthi nggunakake teori psikologi sosial Erich Fromm. Dhata sajrone panliten kuwi beda-beda, gumantung marang jinise panliten.

Dhata primere utawa dhata utama kang digunakake arupa tembung lan ukara-ukara sarta paragraf kang arupa cecaturan utawa naratif kang nggambarake babagan Nekad sajrone cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo kanggo nyengkuyung digunakake dhata

sekunder, yaiku buku-buku teori psikologise Erich Fromm.

### 3.3 Tata Cara Panglumpuke Dhata

Cara kang digawe ngolah dhata sajrone panliten iki nggunakake analisis dheskriptif kang nggulawentah babagan kang kinandhut ing unsur intrinsik mligine sajrone wujud nekad sajrone cerbung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Adhedhasar trap-trapan kasebut, mula tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku, (1) dhata kang wis diklumpukake lan diklompokake banjur diklasifikasi, (2) dhata kang wis diklasifikasi diwenahi tetenger supaya gampang anggone menahi tandha marang objek panliten, (3) dhata kang wis dijupuk, diklumpukake, diklasifikasikake lan diwenahi tetenger, banjur dianalisis kanthi andharan, (4) njlentrehake asil analisis kanthi wujud draf skripsi.

### 3.4 Tata Cara Paninthinge Dhata

Teknik tinthangan utawa analisis dhatane, teknik analisis struktural, lan metodhe kang digunakake yaiku metodhe analisis teks. Ing analisis teks, panliti mujerake dhiri marang pirang-pirang aspek saka teks. Tata lakune analisis dhata sing ditindhakake antarane:

- 1) Ngalalisis dhata pokok arupa dhata-dhata kanthi pedoman ing ancas panliten, yaiku:
  - a. Ninthingi sipat nekad kang diandharake sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo.
  - b. Nintingi faktor-faktor kang njalari sipat nekad sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo.
  - c. Nintingi problem kang ana sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo.
- 2) Ndheskripsikake asil analisis awujud teks kanthi rinci adhedhasar underane panliten lan ancane panliten.
- 3) Ndudut asil panliten, sabanjure disampekkake ing laporan asile panliten.

### 3.5 Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise nganalisis dhata tumrap cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Andharane awujud dheskripsi ngenani sipat nekad, faktor-faktor kang njalari sipat nekad, uga problem kang ana sajrone cerita sambung “Lodan Saka Segara Kidul” anggitane Kukuh S. Wibowo. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka lima bab yaiku:

BAB I	:Purwaka, ngandharake lelandhesan panliten, underane panliten, ancane panliten, paedah panliten, wewatesan panliten, lan wewatesan tetembungan
BAB II	:Tintingan Kapustakan, Ngandharake panliten kang saemper, konsep-konsep ing panliten lan landhesan teori
BAB III	: Metodhe Panliten, Ngandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, tata cara pangumpulan dhata, tata cara panyuguhe asil panliten.
BAB IV	:Andharan asile panliten, ngandharake andharan lan jlentrehake dhata.
BAB V	: Panutup ngandharake isine dudutan lan pamrayoga.
Kapustakan	: Nuduhake buku-buku sumber utawa buku referensi kang nunjang proses panliten psikologi sastra.
Lampiran	: isine sinopsis cerbung Lodan Saka Segara Kidul lan cerbunge asli anggitane Kukuh S. Wibowo

### ANDHARAN PANINTHING LAN ASILING PANLITEN

Bab iki ngandharake asile panliten lan cundhuk karo underan panliten kang wis disebutake ing bab sadurunge. Andharan asile panliten iki diandharake nggunakake metodhe dheskriptif. Metode deskriptif bisa ditegesi minangka runtutan kanggo ngrampungake prekara sajrone panliten kanthi cara nggambarake objek panliten. Mula saka kuwi, andharan sajrone panliten iki bakal ngandarake panyerat nuduhake watak egois sajrone cerbung “LSSK”, faktor kang njalari watak egois sajrone cerbung “LSSK”, lan cara mrantasi problem saka watak egois sajrone cerbung “LSSK”. Katelu subab kasebut bakal ditintingi nggunakake kajian psikologi sastra nganggo tintingan psikologi kapribaden Erich Fromm ngenani watak egois kang luwih mligi.

#### **4.1 Struktur kapribaden watak egois sajrone cerbung LSSK**

Struktur kapribadene paraga sajrone cerbung LSSK diperang dadi telu yaiku pangrasa, lan daya ekspresi. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake siji struktur kapribadene para paraga. Katelu struktur kasebut kang diwawas dening Fromm, ana salah sawijine struktur kang nduweni perangan paling onjo yaiku daya ekspresi. Daya ekspresi minangka kakuwatan saka dorongan lan hambatan, mula saka iku, daya ekspresi uga bisa sinebut punjere kakuwatan kang mujudake watak egois kanggo ngupaya babagan kang dikepengini. Pangrasa kang diduweni dening paraga nduweni macem lan corak sing beda-beda, saka pangrasa kang ndadekake kagiyatan batin sing mujudake pepenginan nduweni jabatan banjur nuwuhake pepenginan dadi kecarepan. Kekarepan iki ndadekake paraga aktif saka siji tujuwan tumuju ing tujuwan liyane.

##### **4.1.1 Pangrasa**

Struktur kapribaden kang diandharake dening Fromm yaiku ana sing diarani pangrasa, saben-saben pangrasa nduweni loro sipat pokok yaiku sajrone pangrasa ana kagiyatan batin utawa (inner activity) lan corak pangrasa. Miturute kagiyatan batin kasebut kanggo mbedakake pepenginan kang ana sajrone pangrasa dadi saben pangrasa kang diduweni dening manungsa ngandhut pepenginan. saka pangrasa kang ndadekake kagiyatan batin sing mujudake pepenginan narima banjur nuwuhake pepenginan dadi kecarepan. Kekarepan iki ndadekake paraga aktif saka siji tujuwan tumuju ing tujuwan liyane. Pangrasa kasebut diduweni dening paraga Rahsana yaiku kagolong pawongan aktif marang apa wae sing bisa digayuh. Rasa seneng kang diduweni dening Rahsana ndadekake dheweke greget lan aktif kanggo ngrembakakake apa kang dadi tujuwane. Kekarepan kasebut tuwuh saka rasa seneng lan mujudake pepenginan dadi panguasa ing lingkungane saengga Rahsana utawa aran Hendarsa dadi pawongan sing egois uga sakabehe cara dihalalke. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Rahsana runtik manahipun. Piyambak-piyambakipun mboten lila Wantini kawengku tiyang sanes. Rahsana mboten kendho anggenipun nyimpen raos cuwa sinaosa Wantini sampun ngclairaken yoga estri ingkang kaparingan asma Windarini. (PS LSSK 6 No. 35 Sabtu 1 September 2018 Kaca 50).

Cuplikan ing dhuwur nuduhake dene ana rasa kuciwa marang Wantini. Rahsana gela yen rasa tresnane ditampik karo Wantini. Dheweke nuduhake rasa ora lila yen Wantini bakal rabi karo

priya liya. Pancen Rahsana pawongan kang bringas uga diwedeni marang warga masyarakat, ananging Wantini ora duwe rasa wedi marang Rahsana. Wantini ora duwe rasa tresna marang Rahsana lan ora sudi ndadekake Rahsana dadi bojone. Sawise nampik tresnane Rahsana, Wantini nampa lamarane Wikana, priya bagus lan bisa tanggung jawab. Rahsana muntab banjur arep males rasa cidra amerga tresna marang Wantini. Rasa dendam iku rasane isih murup masiya Wantini lan Wikana wis nduweni anak kang di jenengi Windarini.

Rasa cidra kang tuwuh ing atine ndadekake Rahsana egois, lan nduweni niyatan ala marang Wantini lan Wikana. Rahsana uga ngrasa hebat lan nduweni sakabehe supaya uripe Wantini lan sakaluwargane uripe panggah susah. Sakabehe cara dihalalke gawe males rasa cidra sing dirasakake Rahsana marang Wantini. Jalaran uga sandhang pangan Wantini sakulawarga uga ora adoh saka dadi nelayan ing pesisir banjur digawa menyang pasar. Para nelayan ing pesisir uga diatur lan dikuasai dening Rahsana sakanca sing dipandegani Danipaya minangka Bapake Rahsana. Kanggo males rasa cidrane, Rahsana ngekep Wantini saka mburi wayah Wantini arep menyang Pesisir. Wantini dirudapeksa ing panggon sing ora ana wong eruh. Wikana ora trima banjur marani Rahsana sing lagi ana ing warung kopi, ora kakean omong, Wikana langsung ngemplengi Rahsana. Dhasare Rahsana ora gelem kalah, dheweke bakal balas dendam. Tengah wengi dheweke lan anggota geng kanthi aran “Lodan saka segara kidul” nggudug omahe Wantini lan Wikana. Ora let suwi minyak wis rata ing omahe banjur geni sumurup gedhe ngentekake omahe wantini. Durung marem anggone bales dendam, Rahsana uga njotosi Wikana sing wis ora ana daya.

Watak egois kang diduweni Rahsana ndadekake Rahsana pawongan sing sombong lan ora nduweni sipat kemanusiaan marang wong liyan. Dheweke uga nggunakake dunyane gawe tameng supaya dheweke lolos saka ukum. Saka kedadeyan Rahsana sakanca ngobong omahe Wantini, dheweke ngilang saka desa kunu. Ora ana sing ngerti Rahsana pindhah omah ngendi apa pancen urip ana ing pakunjaran. Kanyatane Rahsana pindhah menyang kutha lan ganti jenenge dadi Hendarsa. Sipat ala kang diduweni Rahsana panggah ana marang Hendarsa, ing kutha dheweke kerep mlebu metu Dhiskotek Madubrantana mung gawe napsune, ing dhiakotek dheweke ketemu Yolanda sing servise bisa muwasake Hendarsa.

##### **4.1.2 Daya Ekspresi**

Manungsa nduweni panyurung napsu. Panyurung iki minangka proses jiwa, panyurung kasebut bisa diweruhi nalika wis ngatonake sajrone proses-proses jasmaniah, kayata owah-owahane detak jantung, owah-owahane pernapasan.



Andharan ngenani proses-proses kajiwan kasebut sinebut ekspresi. ekspresi iki minangka sipat struktur kang gumantung marang rong kakuwatan kang bertolak belakang, yaiku kahanane perangsang lan pepalang kanggo ekspresi.

Miturut Fromm (sajrone Suryabrata, 2012:105) kang dadi pepalang Ekspresi yaiku panguwasane dhiri iki kudu dadi kakuwatan kang imbang tinimbang napsu. Saben-saben pawongan nduweni kakuwatan kanggo nguwasani dhirine kang beda karo wong liyane. Mula saka iku, bisa dideleng anane wong-wong kang wis nduduhake owah-owahane Ekspresi. Daya Ekspresi kasebut minangka peranan saka kabisan dhasar. Jeneng Lodan Saka Segara Kidul dadi simbol grombolan saka pesisir Sine kene, grombolan kang dipandegani Rahsana nduweni ekspresi kang kuat. Ambisi kanggo nggayuh samubarang kang dikarepake kudu nganti kasil, masiya kudu sakabehe cara dihalalake. Ora ngerti panggon lan wayah, dheweke bakal nyingkirake wong sing ngrusuhi dalan uripe. Tumindhak lan sipate paraga kasebut cundhuk kelawan ciri-ciri pawongan kang nduweni daya reaksi sing dhuwur, tumuju pepenginan kang bakal digayuh, kayata cuplikan ing ngisor iki.

Nami Lodan saking Seganten Kidul kapilih dening grombolanipun Rahsana awit mengku suraos ingkang nggegirisi, jumbuh kalihan pakartinipun Rahsana sarawang ingkang murang tata. Lodan menika ulam samodra ingkang kondhang galak tur wengis. Wondene nami segara kidul kapendhet saking asal-usulipun grombolan, inggih menika Sunglan Sine ngriki. Cekakipun lare-lare menik urakan sedaya, nglampahi ma lima sampun mboten sarusiku. Kepara manut kabar, wonten sawetawis pawestri ingkang karudapeksa. Nanging prekawisipun dipunsindhem awit kejawi ajrih kalihan Rahsana sakanca, ugi sungkan dhateng Pak Danupaya.  
(PS LSSK 6 No. 35 Sabtu 1 September 2018 Kaca 50).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene Rahsana nduweni daya reaksi kang dhuwur kanggo nggayuh apa kang dikarepake. Daya Ekspresi kasebut minangka peranan saka kabisan dhasar. Ambisi kang cundhuk marang kagiyatan negatif uga dadi kebiasaane Rahsana lan grombolane ing Sunglan Sine. Saben-saben pawongan nduweni kakuwatan kanggo nguwasani dhirine kang beda karo wong liyane. Mula saka iku, bisa dideleng anane wong-wong kang wis nduduhake owah-owahane ekspresi. Kayata Rahsana sing mesthi

nggawe kekuatan lan kekuasaane kanggo mrajayani wong liya. Dheweke ora lila yen wong liya urip ayem tentrem. Ambisi liyane kang ana ing jiwane Rahsana yaiku wayah dheweke kejiret kasus ngobong omahe Wantini lan Wikana. Rahsana ora kurang-kurang akal supaya lolos saka urusan pakunjaran.

#### **4.2 Faktor kang njalari watak egois sajrone cerbung LSSK**

Paraga utama sajrone novel Lodan Saka Segara Kidul anggitane Kukuh S. Wibowo iki nduweni krenteg kang gedhe kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane. Kanggo mujudake gegayuhane kasebut tuwuh sipat-sipat kang ora kudu ditiru anane tumindake paraga utama Rahsana (Hendarsa), saengga tuwuh faktor-faktor kang njalari sajrone nggayuh gegayuhane kasebut. Faktor-faktor kasebut bisa saka dhiri pribadine Rahsana uga saka lingkungan, kaya dene anane perkara ekonomi kang ndadekake Rahsana dadi pawongan kang congkak lan licik anggone mujudake kekarepane, saliyané iku faktor sipate sing seneng nekad ndadekake Rahsana pawongan sing bringas uga grusa-grusu. Rasa cidra kang dirasakake Rahsana uga bisa dadi faktor kang njalari watak egois kang tuwuh dening Rahsana. Faktor-faktor liyane uga bakal dijlentrehake ing pembahasan ngisor iki.

##### **4.2.1 Nekad**

Faktor kapisan kang njalari watak egois yaiku nekad. Nekad yaiku sipat manungsa kang ora uwal saka tumindak pawongan kang nduweni tujuan karir kang dhuwur supaya bisa muwasake apa kang dadi pepenginane. Nekad ana ing pembahasan iki ora sipat sing becik. Rahsana minangka paraga kang seneng nekad marang tumindak apa wae kang ora laras karo krenteg atine bakal disujayani utawa dipulasara. Sejatine pawongan kang nduweni sipat nekad lan pepenginan kang kuat kanggo nggayuh sawijine gegayuhan uga panguripan kang luwih mulya ora kepengin uripe cedhak karo perkara-perkara kang bisa wae njalari tuwuhe bebaya sajrone proses pangrembakaning uripe. Dheweke kepengin uwal saka sakabehane perkara kang ana.

Nekad minangka sawijine tumindak kang didhasari saka anane sipat percaya dhiri. Ora kabeh manungsa nduweni sipat nekad. Pawongan kang sipate nekad minangka pawongan kang nduweni ati kang mantep lan percaya marang dhiri pribadine sajrone ngadhepi rasa wedi. Sipat nekad minangka sawijine sipat kanggo mertahanake lan merjuwangake apa kang dianggep muwasake pepenginane kanthi ngadhepi kahanan kang ana. Urip tanpa anane sipat nekad minangka urip kang siya-siya. Pawongan kang nduweni sipat nekad iki biyasane nduweni rasa percaya kang gedhe. Kaya paraga Rahsana sing nduweni rasa percaya dhiri

kang gedhe banjur nglakokake tumindak-tumindak kang ala, kayata cuplikan ing ngisor iki.

Rahsana kapinujon nglangkungi pesisir. Sumerep Wantini narik jaring, piyambakipun mandhap saking titihan lajeng nyaket. Tanpa sungkan Wantini karuket saking wingking, kaaras pipinipun sengkak sengkak marambah-rambah. Wantini jerit-jerit mbudidaya uwal. Tangan nyakar-nyakar. Kejawi mboten kedugi dhateng trekahipun Rahsana, piyambakipun ugi lingsem kalihan tiyang kathah.  
(PS LSSK 6 No. 35 Sabtu 1 September 2018 Kaca 50).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Rahsana nglakoni tumindak nekad marang Wantini. Rahsana ngrudapeksa Wantini wayah dheweke arep narik jaring. Rahsana ngrasa dheweke kudu males rasa cidra amarga Wantini napik tresnane. Sipat nekad kang diduweni Rahsana ndadekake Rahsana ora mikir tumindak apa kang bakal dilakokake. Dheweke yakin, tumindak kang dilakokake wis pasti bener, wong liya ora bakal wani ngelak tuminake Rahsana. Saka kedadeyan rudapeksa marang Wantini, ndadekake Wikana murka banjur ngantemi Rahsana wayah ana warung kopi. Rahsana ngrasa marem amarga wis nyesep madune Wantini, wanita kang wis nampik tresnane lan rabi karo wong lanang liya.

Nekad kang dilakokake Rahsana ngakibatake prekara liya sing ora dinyana. Rahsana tambah gething sawise Wikana ngantemu dheweke ana ing warung kopi. Ngrasa harga dhirine diicak-icak Wikana, Rahsana bakal males luwih saka apa kang dilakokake Wikana. Rahsana lan grombolane nekani omahe Wikana tengah wengi rencana arep melusara uripe Wantini sakulawarga.

#### **4.2.2 Cidra**

Faktor kaping pindho yaiku cidra, rasa iki dialami paraga utama Rahsana amarga nandang tresna marang Wantini sing dadi primadona ana sing Sunglan Sine. Rahsana yakin yen tresnane bakal ditampa marang Wantini, amarga dheweke klebu pawongan sing sugih, duwe kuasa ing pesisir uga kuasa ana ing babagan para nelayan sing sandhang pangane saka pantai pesisir kunu. Akibate cidra bisa maneka warna, bisa positif uga bisa negatif. Akibat cidra sing dirasakake Rahsana ndadekake dheweke pawongan sing nduweni sipat negatif. Rahsana nglampiasna marang alkohol lan marang kekerasan. Wikana minangka wong lanang sing ditresnani Wantini dadi ora duwe daya merga diajar dening Rahsana. Rahsana uga ngobong omahe uga ngono Wantini lan Wikana sing isih urip ana ing njero omah. Tanpa nduweni welas lan

salah, rahsana lan grombolane balik klepas karo ati marem amarga apa sing lara sing dirasakake Rahsana wis diwales. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Kala semanten, Rahsana kepranan dhateng Wantini, kenya ngriki kemawon, anakipun Subentra. Panci larenipun ayu. Kuciwanipun Subentra menika tiyang sekeng, jalaran namung nelayan alit, senggga Wantini mboten nate manggih kamulyan. Nanging sinaosa dipunsir dening Rahsana, ewasemanten Wantini mopo, awit mboten remen kalihan tumindakipun Rahsana ingkang tansah damel kapitunaning sanes. Wantini milih Wikana minangka semahipun. Wikana jejaka bagus, lugu, wekel nyambut damel sarta tanggel jawab dhateng semahipun.  
(PS LSSK 6 No. 35 Sabtu 1 September 2018 Kaca 50).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Wantini minangka wanita kang ditresnani Rahsana wani nampik tresnane. Wantini ora kaya wong liya sing tundhuk takluk marang Rahsana. Dheweke duwe rasa kendel gawe ngadhepi Rahsana lan grombolane. Wantini mikir yen Rahsana ora pantes sesandhingan karo dheweke. Rahsana dudu wong lanang sing bisa tanggungjawab, uga dudu pawongan kang becik. Mula saka iku, Wantini nrima lamaran wong lanang liya sing dianggep bisa tanggung jawab marang dheweke. Ngerti kabar yen Wantini arep dirabi wong lanang liya, Rahsana ora trima lan ngrasa dikhianati Wantini sing wis nampik tresnane. Niat balas dendam kang tuwuh bakal dilakokake marang Wantini lan kulawargane. Lumantar ngrudapeksa, Wantini bakal ngrasakake apa kang dirasakake Rahsana. Nanging, nyatane ora mung ngrudapeksa Wantini, Rahsana uga mateni Wikana lan ngobong omahe.

#### **4.2.3 Sombong**

Sombong minangka perasaan utawa emosi ing atine sing bisa ngarujuk marang rong makna umum. Ing konotasi negatif biasane nuduhake perasaan sing nambah status utawa prestasi, sing asring disebut "nyenengake". Nalika ing konotasi positif nuduhake perasaan keprihatinan wong marang tumindak utawa pilihan dhewe, utawa kanggo pihak liyane, utawa uga kanggo grup sosial; bisa dikatut minangka salah sawijining produk turunan saka pujian, bayangan, utawa rasa kepemilikan sing wis kawujud.

Kabeh pawongan nduweni sipat sombong. Apa maneh wong kang lair ing kulawarga kang sugih. Bakale ana wae kang dadi mbombong atine marang wong liya, ancane supaya bisa narik kawigaten wong liya marang dheweke. Para ahli



filsafat lan psikolog sosial wis ngati-ati yen arrogance minangka emosi sekunder komplèks, sing mbutuhake pangembangan perasaan pribadhi lan ngatasi beda konseptual sing cocog (kayata prédhiksi saka kabecikan lan kabungahan) liwat interaksi lisan karo liyane. Sapérangan psikolog sosial uga ngidhidentifikasi sawijining sinyal status sosial sing dhuwur (Wikipedia:2018). Sajrone cerbung LSSK iki paraga utama nandang rasa sombong kang asil saka dunyane sing sugih bandha. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Hendarsa jebul sawenehe pengusaha dol tinuku lenga kopra. Gudhange mapan ana Tanjung Perak. Bisnis liyane arupa proyek-proyek konstruksi. Lan saka critane Hendarsa, Yolanda dadi mudheng yen lanang setengah umur iku bakal macung minangka anggota dhewan propinsi. Nganggo dhuwite sing turah-turah, Hendarsa bisa nuku nomer urut saka partai tinamtu nadyan dheweke dudu kadher.  
(PS LSSK 8 No. 37 Sabtu 15 September 2018 Kaca 19).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Hendarsa klebu pawongan sing dadi pengusaha sing bisa nggayuh kepinginan nganggo dhuwit. Nggolek pamuas atine uga nganggo dhuwit, bakal melu macung anggota dhewan uga nganggo dhuwite sing turah-turah. Kaya-kaya Hendarsa duwe pabrik dhuwit dhewe. Hendarsa uga duwe bisnis kang gedhe, sing ndadekake dhuwite Hendarsa ora entek-entek. Sipat sombong iki bisa uga dadi pakulinan saben dina, amarga sipat kuwi bisa dadi mareme ati yen wis klakon. Rahsana sing dadi ketua geng Lodan Saka Segara Kidul sing senengane tumindak ala marang wong liya sing ora manut marang aturane. Tumindak ala bisa arupa ngruda peksa wanita, mejahi wong liya, uga ngrebut apa sing ora dadi hake. Rahsana nduweni sipat kuwi amarga wis kadung dimanja karo wong tuwa lan ndadekake dheweke ngrasa sombong. Bibit sugih saka Danupaya uga dadi faktor dheweke sombong. Rahsana utawa aran Hendarsa dadi bisa semena-mena nggunakake dhuwite.

#### **4.2.4 Kumawasa**

Faktor kaping papat yaiku kumawasa minangka pawongan kang dipandegani duweni kekuatan uga dunya sing sarwa luwih, Rahsana dadi ngrasa bombong lan ngrasa wilayah Pesisir lan sakitare dadi wilayah sing dheweke kuasai. Rahsana nuduhake watak sing bringas supaya para warga masyarakat ora ana sing wani nglawan marang prentahe dheweke uga ngono grombolane. Dhasarane uga Rahsana wis duweni jeneng saka bapake sing klebu pejabat lan kenal anggota aparat.

Gampang banget nglebokna sapa wae marang pakunjaran merga kalah ana ing kenalane wong aparat. Faktor iki dadi alasan watak egois saka paraga utama amarga pancen dheweke nduweni kuasa ndadekake semena-mena marang wong cilik. Ora nduweni welas lan ora bisa ngajeni wong liya. Watak Rahsana sing seneng ndilok wong liya sengsara ndadekake ambisine malah tambah gedhe. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Sejatosipun Lodan saking Seganten Kidul menika sanes nami tiyang, nanging julukanipun klompok brandhalan ingkang dipunpandhegani nem-neman nami Rahsana. Tigang ndasa gangsal taun kepengker Rahsana sakanca taksih jaka jemagar, nanging kondhang ugal-ugalan lan cengkiling dhateng tiyang sanes. Mboten wigah-wigih mara tangan dhateng sok sintena ingkang nyenthok manahipun. Watakipun brangasan, tindak-tandukipun bedhigasan. Kula kalihan Margana klebet ingkang nate dipunjotosi Rahsana jalaran prekawis sepele. Ngantos sepriki kula bogang mergi waja kula rompal kalih.  
(PS LSSK 6 No. 35 Sabtu 1 September 2018 Kaca 20).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene wiwitane jeneng Lodan saka Segara Kidul. Pangripta nyaritakake julukan Lodan saka Segara Kidul kuwi grombolane pawongan sing nguasai wilayah pesisir. Lodan yaiku iwak kang ana ing samodra sing dikenal iwak galak lan wengis. Wondene segara kidul kajupuk saka jenenge Sunglon Sine, kanggo jenenge asal-usule grombolan kasebut. Grombolan kang anggotane klebu wong urakan uga ora duwe tata krama, apa wae kang nyenthok ati bakal kena bogeman saka grombolan Sunglon Sine mau. Masyarakat sing ana ing sakitar padha wedi marang Rahsana sakanca, lan sungkan marang Pak Danupaya minangka bapake Rahsana sing luwih dhuwur jabatane. Danupaya nduweni kanca sing ana ing njerone anggota aparat, mula saka iku Rahsana sakanca ora bakal bisa kena urusan ukum uga mlebu pakunjaran kamangka tumindake sing kriminal lan wis ngluwahi batas wajar kemanusiaan.

Mentingake diri pribadi beda saka altruisme, utawa tumindak kanggo entuk kurang rega tinimbang apa sing diwenehake, lan mentingake diri pribadi, yakin yen nilai luwih diduweni saka bisa diwenehi. Maneka wangun "egoisme empiris" bisa padha karo egoisme, anggone nimbang manfaat pribadine wong sing isih dianggep sampurna. Sipat semena-mena kang diduweni Rahsana ora luput saka mulasara wong liya.

#### 4.2.5 Licik

Egois sejatine kecarepan utawa pepenginan kang diduweni dening saben manungsa. nalika manungsa kasebut nduweni karep, pawongan kasebut uga bakal nglakoni apa wae kanggo njangkepi karep kang diduweni. Tembung kang uga ngarani apa kang diarani egois yaiku menenge dhewe. Krenteg karep kang ana neng pikirane ndadekake samubarang apa wae kang dikarepna kudu bisa kelakon. Senajan kudu ngalahake sepihak. Bab iki mau bisa tuwuh nalika pangrasa kita nduweni rasa kurang nrima tumrap apa kang wis diduweni mula saka kuwi nduweni pamikiran kanggo nglakoni apa wae supaya bisa njangkepi kecarepane. Faktor kang njalari watak egois yaiku licik, licik kang dimaksud ora sipat kang kurang kendel, nanging sipat ala sing tujuane nduwe rencana curang. Paraga utama kang nandang sipat licik bisa dideleng saka sikap ngadhepi prekara uripe. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Pepuntone Hendarsa, ora ana kadher partai sing niat ngarah cilakane. Mula tekade macung saya gilig. Tujuwan sing siningid mung siji, yen kasil dadi politikus, bisa cepet weruh proyek-proyek gedhe apa wae sing lagi dirancang pamarentah. Satemah dalane kanggo ngrebut proyek iku bisa luwih mulus. Kanthi status minangka anggota dhewan, dheweke bisa nyrobot proyek-proyek gedhe mau mlebu dadi garapane.  
(PS LSSK 12 No. 41 Sabtu 13 Oktober 2018 Kaca 20).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene Hendarsa tandane ora percaya marang dhiri pribadine, kamangka melu urusan partai kaya mangkono kudu liwat jalur sing temen. Ora sakabe cara dihalalke kanggo liwat jalur mburi tumuju sukses dadi calon wakil rakyat. Nanging ora dadi ngapa kanggone Hendarsa, isih ana dhuwit sing turah apa wae dadi halal kanggo dheweke. Hendarsa pengin mbesuk yen wis kasil dadi politikus, dheweke bisa weruh kepriye proyek-proyek gedhe sing lagi dirancang pamentah. Banjur dalan kanggo ngrebut proyek kuwi mau tansaya mulus lan gampang. Pamikire yen Hendarsa wis dadi anggota dhewan sing asring melu rapat lan andhil marang proyek mau, dheweke bisa nyrobot proyek-proyek gedhe sing bakal dadi garapane. Kamangka dhuwit sing gawe modhal awal kanggo urusan politik iki gampang mbalik tansaya akeh.

#### 4.3 Akibat problem saka watak egois sajrone cerbung LSSK

Tumindak kang wis ditindakake saben manungsa mesthi ana akibat saka tumindak kang wis dilakoni, masiya tumindak kasebut kagolong ala utawa becik. Akibat kang diduweni gumantung kelawan tumindak sing dilakoni.

##### 4.3.1 Pesimis

Pesimis minangka akibat saka ambisine paraga kang diduweni dening paraga utama Rahsana utawa Hendarsa. Pesimis yaiku pawongan kang pikirane ora tenang, lan gampang nyerah. Uga ngono gampang nduweni pikiran elek marang wong liya utawa marang kahanan kang lagi dilakoni. Sipat pesimis mujudake akibat saka ambisi kang diduweni sawijing manungsa. Sipat iki bisa manipulasi pandangane wong liya, saengga pepalang ing saben dalan panguripan mokal diliwati. Pawongan kang nduweni sipat iki bisa dadi pawongan kang ragu marang awake dhewe, mula ndadekake dheweke pawongan sing gampang mikir, meneng, lan ora ana kemajuan apa-apa. Ambisi diduweni dening manungsa kanggo nggayuh samubarang kanthi mujudake kasuksesan. Pepenginan kang gedhe ndadekake manungsa nduweni sipat pesimis saka pengarep-arep kang dhuwur, ananging ana wae prekara kang ndadekake paraga utama nduweni sipat pesimis. Tumindak ala kang dilakokake Rahsana utawa Hendarsa ngakibatake dheweke nduweni prasangka ala marang liyane. Dheweke ora percaya dhiri merga tumindak sing dilakoni slaah. Gambaran kasebut kayata cuplikan ing ngisor iki.

Hendarsa nyoba metani tumindake akhir-akhir iki. Sawatara taun pungkasan iki saka rumangsane ora tau nggawe serike uwong. Nadyan bisnis sing dilakokake kebak dening saingan, ewadene isih dianggep wajar. Dheweke toh ora tau ngrayah proyek liyan, uga ora tau njegal rejekine kanca. Kejaba kuwi, uga ora ana ancaman sing ditampa. Ateges ing babagan bisnis ora ana masalah. Rehne ora nemokake wangsulan yen rajapati iku gegayutan karo urusan bisnis, Hendarsa ngira patine Syarnubi, Mukani lan Tobirin ora nggepok senggol karo prekarane. Bisa uga tetelune dipateni uwong mergaa urusan pribadi.  
(PS LSSK 12 No. 41 Sabtu 13 Oktober 2018 Kaca 19).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene rasa pesimis kang dirasakake Hendarsa ngenani tumindake sing nduweni rencana nyujayani Yolanda, nanging malah bebaune sing kena wewadi. Syarnubi, Tobirin, lan Mukani mati wayah dheweke arep mateni Yolanda sing lagi meteng lan bakal mbukak aibe Hendarsa marang pulisi.

Wayah bebaune sing mati, Hendarsa giris ngenani prekara iki. Dheweke nerawang sawetara taun pungkasa apa dheweke rumangsa nggawe serik atine uwong liya jalaran pilihan calon politik wis cedhak. Hendarsa kebak pitakon sing durung ana jawane ngenani prekara kang nggegirisi pikirane iki. Hendarsa yakin yen dheweke ora tau njegal rejekine uwong lan yakin rajapati iki ora ana sambung rakete marang bisnise. Yen ditimbang-timbang maneh, Hendarsa nyoba ngalihna pikiran ngenani rajapati bisa uga dipateni mung merga urusan pribadi, saengga jenenge Hendarsa sik bisa katulung lan tetep resik.

#### **4.3.2 Ora Gati**

Akibat saka problem watak egois kang kaping pindho yaiku ora gati. Sipat ora gati biasane klebu sipat sing negatif. Sipat iki yaiku wong sing ora pengin ngerti babagan kahanan kasebut. Apa kasebut kanggo sesama manungsa utawa tumrap makhluk liya. Sikap utawa sipat iki ora diduweni dening sapa wae. Amarga, efek ora apik, loro kanggo awak dhewe lan liyane. Ing lingkungan sosial, mesthine kita ora apike marang macem-macam masalah utawa masalah, uga kanggo kapentingan umum. Kita kudu kontribusi. Kita kudu ngurus macem-macam masalah. Care babagan rasa kontribusi lan pamikiran minangka solusi kanggo masalah sing ditakoni. Paraga bakal tumindak ora peduli marang wong liya sing nyenthok atine utawa ngganggu uripe. Hendarsa uga nandang sipat iki, dheweke ngrasa yen Yolanda asring ngganggu dheweke kanthi prekara kang miturute ora penting uga gawe watu krikil sing bisa nyandhungi dalane tumuju dadi calon wakil rakyat sing jenenge bakal gedhe ing kalangan propinsi. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Sumurup Yolanda meteng, Hendarsa sajak cuwa. Dheweke suthik tanggung jawab, kepara ngakon Yolanda nggugurake janin sing dikandhut. Yolanda ora gelem, dheweke tetep nuntut Hendarsa ndhadhagi tumindake. Sesambungan sing sakawit kebak sengsem tumrap Hendarsa iku suwe-suwe krasa nyebeli. Hendarsa banjur nginggati Yolanda.

(PS LSSK 8 No. 37 Sabtu 15 September 2018 Kaca 19).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene sipate Hendarsa sing acuh marang Yolanda sing lagi meteng. Hendarsa suthik yen dikongkon tanggung jawab marang Yolanda sing mung sewates wanita simpanan. Hendarsa banjur ngilang sawise ngerti yen Yolanda meteng, dheweke wegah yen jajaran aparat uga pengusaha ngerti tumindake Hendarsa karo purel dhiskotek.

Kamangka Yolanda tetep nuntut Hendarsa ndhadhagi tumindake, kepriye carane Hendarsa kudu tanggung jawab marang bayi sing dikandhut dheweke. Hendarsa suwe-suwe ngrasa nyebeli banjur nginggati Yolanda tanpa tanggung jawab marang tumindake. Hendarsa lali yen biyen ndadekake wanita sing nglayani dheweke wayah butuh hiburan. Yen wis kaya ngene dheweke suthik kepethuk Yolanda maneh.

#### **4.3.3 Getun**

Akibat saka problem watak egois kaping telu yaiku getun. Sapa wae kang nglakoni tumindak ala bakal ngrasa getun ing tembe mburi yen wis ana piwales. Paraga utama sing awale nyandhang tipe eksploitas sing grusa-grusu, lan urakan, yen dheweke wis ana ing posisi rasa getun dheweke bisa nyandhang tipe reseptif. Tipe reseptif kagolong tipe wong kang luwih seneng nrima tinimbang menahi lan kepingin dimangerteni diwenenhi rasa tresna nanging durung mesti wong kasebut gelem menahi timbal balike. Wong kang nduweni tipe iki nduweni kondisi jiwa kang gampang pasrah, gampang cilik ati, lan pasif. Paraga utama Rahsana nglakokake tumindak ala marang Wantini lan sakulawarga uga bakal ngrasa getun ing tembe mburi wayah dheweke wis arep tumekaning pati. Kayata cuplikan ing ngisor iki

“Seruni, eh Windarini, aja Ndhuk. Aku njaluk urip, apuranen aku. Welasana aku, welasana anak-anaku...”

(PS LSSK 12 No. 41 Sabtu 13 Oktober 2018 Kaca 19).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene Hendarsa ngrasa nyesel sawise mangerteni yen Seruni kuwi Windarini. Sithik maneh Windarini bakal kasil nyujayani Hendarsa sing wis ngobong urip-urip bapak ibune. Dheweke njaluk sepura marang Windarini ngenani tumindak sing wis dilakoni Rahsana lan grombolane telung puluh taun kepungkur. Hendarsa ngrasa nyesel lan njaluk apura. Nanging rasa dendam kesumat sing dirasakake Windarini wiwit umur nem taun bakal kewales wengi iki. Tangan sing wis nodhong pistol ana ing ngarepe Hendarsa wis siap nembak dhadhane Hendarsa.

#### **4.3.4 Piwales Pati**

Saben manungsa yen sawise nglakoni tumindak bakal ana piwales ing tembe mburi. Tumindak becik mbesuk bakal oleh piwales uga becik, tumindak ala mbesuk uga bakal oleh piwales ala malah bisa berlipat ganda saka tumindak ala sing dilakokake. Kaya paribasan apa sing ditandur ya kuwi sing bakal dipanen. Paraga utama Rahsana kang wis terkena tumindak ala uga bakal nrima piwales saka manungsa sing dilarani utawa saka Gusti Pangeran. Rajapati sing dilakoni dening



Rahsana lan grombolane, ing tembe mburi uga nrima prekara kadurjanan. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

Kunarpane Hendarsa katon cetha mathang-mathang ing entek-entekane tlundhagan. Mripat mlorok. Rai dleweran getih. Piyama perangan dhadha uga ngembes getih. Seruni nggrayang sikile lanang gedhe dhuwur iku, wis rada anyep. (PS LSSK 13 No. 42 Sabtu 20 Oktober 2018 Kaca 20).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene Windarini wis kasil nyujayani Hendarsa. Rasa dendam kesumat kang kapendhem marang Rahsana wis kebayar. Basanta minangka bojone Windarini melu cawe-cawe ngenani prekara iki. Pistol kang digawe nembak Hendarsa asil saka rakitane Basanta minangka mantan anggota militer sing dicopot peksa. Telung puluh taun kepungkur Wantini lan Wikana sing diobong urip-urip akhire Windarini bisa males patine. Pistol sing tembus dhadhane lan bathuke wis cukup nggawe Hendarsa katon cetha mathang-mathang wis ora ana nyawa. Rai sing wis kebak getih, uga piyama sing cedhak perangna dhadha uga ngembes getih. Sikile wong lanang gedhe dhuwur iku wis krasa anyep, Seruni menehake pistol marang Basanta banjur dheweke balik menyang kamar babu ethok-ethok ora ngerti tumindak kadurjanan kang dialami Hendarsa. Sadurunge pistol melayang marang Hendarsa, dheweke sempet cecaturan karo Seruni. Hendarsa kaget sapa sejatine babu sing lagi kerja marang dheweke.

#### **4.3.5 Ora Tenang**

Akibat saka watak egois kang dialami paraga utama Rahsana utawa Hendarsa yaiku ora tenang. Pangrasa iki amerga tumindak sing ora becung kang tetep dilakoni tanpa ana wong liya sing weruh. Saka tumindak kang ala mau paraga bakal ngrasa duweni pikiran sing bisa ndadekake dheweke wedi. Rasa wedi sing dirasakake bisa uga ndadekake paraga kasebut nduweni sipat pesimis marang prekara kang diadhepi. Hendarsa minangka pawongan sing nduwe jeneng gedhe ing deretan pejabat, nduweni ubungan marang pures dhiskotek sing jenenge Yolanda. Saka tumindake Hendarsa sing meh saben dina njaluk dilayani marang Yolanda, ndadekake Yolanda meteng sing asring nggegirisi Hendarsa sing ndadekake dheweke ora tenang marang dalan bisnise ajur mumur. Kayata cuplikan ing ngisor iki

Kanthi sesidheman Hendarsa banjur ngrancang rajapati marang Yolanda. Dheweke ora kepengin wadine kebongkar. Kejaba wis entek milyaran kanggo tuku

nomer urut marang partai, dheweke bakal kewirangan gedhen yen wadine dijereng-jereng ing surat kabar. Doh blaine bisnise katut kesempyok. Mula pepuntone Hendarsa, Yolanda kudu diprajaya amrih ora dadi krikil ing njero kasut. (PS LSSK 8 No. 37 Sabtu 15 September 2018 Kaca 19).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake dene uripe Hendarsa ora tenang ngenani prekara kang diugemi. Prekara karo Yolanda sing meteng ngganggu pikirane wengi iki. Dheweke gelisah kepriye yen prekara Yolanda meteng kuwi dadi krikil ana ing dalan muluse tumuju bisnise uga partai politik. Kajaba dheweke wis entek milyaran gawe nuku partai sing dadi impen-impene. Rasa ora tenang kang dirasakake Hendarsa akibat saka tumindak ala sing dilakoni Hendarsa ing tembe mburi. Hendarsa uga ora bakal ngerti yen ubungane dheweke karo Yolanda bakal kaya genene.

#### **4.4 Diskusi Asiling Panliten**

Panliten saka cerita bersambung kanthi irah-irahan “Watak Egois Sajrone Cerita Sambung Lodan Saka Segara Kidul Anggitane Kukuh S. Wibowo Miturut Teori Kapribaden Erich Fromm” ditintangi kanthi tintingan psikologi kapribaden Erich Fromm. Panliten kasebut mujudake telung prekara kang bisa diandharake, yaiku Struktur kapribaden watak egois sajrone cerbung Lodan Saka Segara Kidul kang cundhuk karo teorine Fromm yaiku paraga, Rahsana utawa bisa aran Hendarsa nandhang temperamen koleris. Pangrasa sing gedhe kang diduweni dening Hendarsa mujudake pepenginan nduweni sakabehe sing dikarepake. Tumindak kang kasar uga ora sabar ndadekake Hendarsa paraga sing grusa-grusu lan gampang tumindak ala. Watak egois saka paraga Rahsana utawa Hendarsa wis paten ana ing dhiri pribadine. Ambisi kang gedhe saka rasa tresna marang Wantini ndadekake watak egois Rahsana dadi semena-mena. Banjur pepenginane Rahsana dadi anggota partai politik ndadekake Rahsana curang sing nglakokake pabrik kanggo nyetak dhuwit palsu.

Asiling panliten saka bab andharan iki ana telung subab yaiku kaping pisan struktur kapribaden watak egois sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul, kang diperang dadi loro yaiku pangrasa lan daya ekspresi. Ingkang kaping pindho yaiku faktor kang njalari watak egois sajrone cerbung Lodan saka Segara Kidul, kang diperang dari lima yaiku sipat nekad, rasa cidra, sipat sombong, sipat kumawasa, lan sipat licik. Kalima sipat iku bisa dadi bukti faktor-faktor kang njalari watak egois marang paraga utama Rahsana. Ingkang kaping telu yaiku Akibat Problem Saka

Watak Egois Sajrone Cerbung Lodan saka Segara Kidul, kang diperang dadi lima yaiku nduweni sipat pesimis, nduweni sipat ora gati marang wong liya, nduweni rasa getun, ngrasakake piwales pati saka tumindak dhewe, lan nduweni rasa ora tenang yen arep nglakoni tumindak liyane.

Panliten iki nggunakake teori Erich Fromm kanthi tipe kaping loro yaiku tipe eksploitasi (meksa wong liya kanggo nuruti awake dhewe) Karakter eksploitatif iki nduweni pamikir apa kang apik iku sumbere saka sanjabane awake. Beda karo tipe respektif, para eksploitas njupuk sakabehe iku kanthi cara kang agresif, lan apa wae sing dikepingini, nanging ora terima kanthi cara pasif (calvin :1993). Wong lanang kang nduweni sipat eksploitas, lan seneng marang bojone wong, dudu ora mungkin yen dheweke bakal ngrebut wong wadon iku mau. Sajrone bidhang gagasan wong kang nduweni sipat eksploitasi iki luwih milih njupuk, ngrebut, lan meksa sing ana kanggo dheweke ngolehi apa kang dikepingini. Sisi negative karakter eksploitatif yaiku egosentris, sombong, gampang nggodha. Sisi positif, yaiku implus, bangga lan percaya diri.

#### **PANUTUP**

Watak egois awale saka sikap sing ora pengin ngrungokake pendapat saka wong liya. Nalika kita rumangsa paling pinter, mesthi bakal ana wong sing duwe kapinteran sing luwih dhuwur tinimbang kita. Minangka makhluk sosial sing ora bisa urip tanpa ana wong liya, kita kudu nyingkirake egois saka njero diri. Bakal ana wektu nalika kita kudu ngerti apa kang dirasakake wong liya, kepiye ngadhepi wong liya, kepiye kita bisa adhaptasi marang lingkungan sakitar kita.

Panliten iki nggunakake teori Erich Fromm kanthi tipe kaping loro yaiku tipe eksploitasi (meksa wong liya kanggo nuruti awake dhewe) Karakter eksploitatif iki nduweni pamikir apa kang apik iku sumbere saka sanjabane awake. Beda karo tipe respektif, para eksploitas njupuk sakabehe iku kanthi cara kang agresif, lan apa wae sing dikepingini, nanging ora terima kanthi cara pasif (calvin :1993). Wong lanang kang nduweni sipat eksploitas, lan seneng marang bojone wong, dudu ora mungkin yen dheweke bakal ngrebut wong wadon iku mau. Sajrone bidhang gagasan wong kang nduweni sipat eksploitasi iki luwih milih njupuk, ngrebut, lan meksa sing ana kanggo dheweke ngolehi apa kang dikepingini. Sisi negative karakter eksploitatif yaiku egosentris, sombong, gampang nggodha. Sisi positif, yaiku implus, bangga lan percaya diri.

Panliten saka cerita bersambung kanthi irah-irahan “Watak Egois Sajrone Cerita Sambung Lodan Saka Segara Kidul Anggitane Kukuh S. Wibowo Miturut Teori Kapribaden Erich Fromm”

ditintangi kanthi tintingan psikologi kapribaden Erich Fromm. Panliten kasebut mujudake telung prekara kang bisa diandharake, yaiku Struktur kapribaden watak egois sajrone cerbung Lodan Saka Segara Kidul kang cundhuk karo teorine Fromm yaiku paraga, Rahsana utawa bisa aran Hendarsa nandhang temperamen koleris. Pangrasa sing gedhe kang diduweni dening Hendarsa mujudake pepenginan nduweni sakabehe sing dikarepake. Tumindak kang kasar uga ora sabar ndadekake Hendarsa paraga sing grusa-grusu lan gampang tumindak ala. Watak egois saka paraga Rahsana utawa Hendarsa wis paten ana ing dhiri pribadine. Ambisi kang gedhe saka rasa tresna marang Wantini ndadekake watak egois Rahsana dadi semena-mena. Banjur pepenginan Rahsana dadi anggota partai politik ndadekake Rahsana curang sing nglakokake pabrik kanggo nyetak dhuwit palsu.

Wujud watak egois paraga sajrone cerbung Lodan Saka Segara Kidul adhedhasar tumindak paraga kanthi nggunakake konsep Erich Fromm, yaiku watak egois mangerteni wujud asline watak egois kang diduweni dening Paraga Utama Rahsana utawa aran Hendarsa kanggo muwasake kabutuhan kang dadi keparepane, watak egois kang diduweni Rahsana kanggo nggayuh keparepane nduweni garwa Wantini lan dadi anggota politik. Ambisi ngurip mulya kang diduweni dening paraga Setyawan, Kemuning lan Zepri Yustiansyah. Paraga kasebut padha-padha nduweni pepenginan kang gedhe kanggo miyak kadurjanan sing dilakoni Rahsana ing jaman biyen banjur kadurjanan minangka dadi Hendarsa.

Panliten iki bisa ngregengake panliten psikologi sastra minangka wujud kritis sastra Jawa modern. Panliten tumrap cerbung Lodan Saka Segara Kidul anggitane Kukuh S. Wibowo iki mujudake jangkah kapisan kang bisa diteliti maneh nggunakake tintingan liyane. Kedadeyan-kedadeyan kang ana sajrone cerbung Lodan Saka Segara Kidul bisa kanggo patuladhan marang kabeh pamaca. Utamane watak egois kang diduweni dening paraga utama yaiku Hendarsa (Rahsana) anggone nggayuh pepenginan ora kudu nggunakake sipat licik lan semena-mene marang wong liya, uga sakabehe cara dihalalke. Lumantar panliten iki uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra ing Jagading kasusastran Jawa, mligine kasustran Jawa modern. Tumrap pamaca, dikarepake panliten iki bisa menahi greget kanggo nglestarike sastra mligine sastra Jawa kang saya suwe saya ilang uga menahi referensi tumrap sapa wae kang maca. Dene anggone nyerat sajrone panliten iki ana saperangan tetetembungan utawa saperangan liya sing kurang bener lan pener, kaajab marang panliten sateruse bisa luwih sampurna ketimbang panliten sadurunge.

Keegoisan kang ana sajrone cerbung kasebut tuwuh lan dredah ana ing paraga. dheweke nduweni rasa egois kang sejatine bisa ngrugekake dheweke. keegoisan kasebut arupa pepenginan nduweni kakuwasan utawa bandha kang akeh saengga digunggung dening wong liya. saliyane kuwi cara kang dilakoni kanggo nggayuh pepenginan kasebut ora bener utawa ala. Ora mung kuwi keegoisan kang di duweni wanita kasebut uga ndadekake masalah kajiwan tumrap dheweke.

#### KAPUSTAKAN

- Alwisol, 2004. Psikologi Kepribadian. Malang: UMM. Press. 98iEndraswara,
- Aminuddin. 2010. Apresiasi Karya Sastra. Bandung: Sinar baru Algesindo
- Arikunto, Suharsini, 2008. Prosedur Penelitian Suatu Pamarekan Praktik (Edisi Revisi VI). Jakarta: PT. Asdi Mahastya.
- Dalathion, 20 September 2015. Karakter Orang Berdasarkan Aktif dan Pasif. (Online). <http://dhalationpost.blogspot.com/p/kaundhuh> 16 Maret 2018.
- Endraswara, Suwardi. 2003. Metodologi Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- \_\_\_\_\_. 2008. Metodologi Penelitian Sastra (Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi). Yogyakarta: Med Press.
- Febrianto, Andi. 2015. Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita Sajrone Novel Purnama Kingkin Anggitane Sunaryata Soemarjo Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa.
- Jati Rinakri Atmaja. 2015. *Psikoanalisis Humanistic Erich Fromm*.
- Latifah, Niswatul. 2015. Rasa Kuwatire Paraga Utama Sajrone Antologi Cerkak
- Trem Anggitane Suparto Brata Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD-FBS Unesa
- Marliyani, Rosleny. 2010. Psikologi Umum. Bandung: Pustaka Setia.
- Minderop, Albertine. 2010. Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teri dan Contoh Kasus. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2002. Metodologi Penelitian Kualitatif. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Rass, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Gratifipress
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, Teknik Penelitian Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Silalahi, Ulber. 2009. *Metode Penelitian Sosial*. Bandung: Refika Aditama.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT Grasindo.
- Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi Robert Stanton*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suryabrata, Sumadi. 2008. Psikologi Kepribadian. Jakarta: PT. Grafindo Persada.
- Suwardi. 2003. Metodologi Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Yosephine Arintha Yolanda Simarmata. 2013. *Kepribadian Erich Fromm*.